

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa nya éta salah sahiji alat komunikasi pikeun nepikeun gagasan panyatur ka pamiarsa atawa ti hiji jalma ka jalma séjén ngaliwatan hiji sistem simbol vokal anu ngabogaan harti arbirtér jeung konvénsional.

Dina prakna komunikasi, basa téh mangrupa wujud kedalna eusi pikiran, kahayang, rasa, jeung rupa-rupa pamaksudan ti diri panyatur sangkan kacangkem maksudna, bisa ngaliwatan basa lisan atawa basa tinulis. Basa lisan nya éta basa anu ditepikeun ngaliwatan omongan, ari basa tinulis nya éta basa anu ditepikeun ngaliwatan média tulis.

Sudaryat (2003:5) nétélakeun yén basa téh diwangun ku dua lapisan, nya éta wangun jeung eusi. Lapisan wangun ngawengku dua tahapan nya éta wangun gramatik (katatabasaan) ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap jeung morfem. Wangun fonologi ngawengku engang, foném, jeung sora. Lapisan eusi mangrupa harti atawa ma'na wangun katatabasan dipaluruh ku tata basa ngawengku: (1) sintaksis nu maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, frasa, jeung; (2) morfologi anu maluruh adegan morfém jeung kecap. Wangun fonologis dipaluruh ku semantik.

Salah sahiji unsur basa nu jadi alat komunikasi nya éta kalimah. Kalimah bisa disawang tina wangunna saperti kalimah salancar jeung kalimah ngantét, bisa ogé disawang tina fungsina saperti kalimah wawaran, kalimah pananya, kalimah

paréntah, jeung kalimah panyeluk. Ieu panalungtikan patali jeung kalimah panggero, pananya, jeung paréntah, utamana unsur nu jadi cirina, nya éta unsur panggentra (vokatif), upamana waé kecap Néng, dina kalimah “Néng, bade angkat ka mana?”

Minangka salasihiji unsur basa, unsur panggentra dina kalimah basa Sunda bisa dijadikeun bahan pangajaran, ari bahan pangajaran téh kaasup salasihiji komponén dina sistem pangajaran. Biasana sistem pangajaran ngawengku, tujuan, bahan, métode, guru, siswa, sarana prasarana sarta évaluasi. Éta komponén-komponén téh kudu silih lengkepan, sangkan bisa ngahontal tujuan anu geus ditangtukeun.

Salasihiji komponén pangajaran téh nya éta bahan atawa matéri pangajaran. Dina milih jeung nepikeun bahan pangajaran, hususna pangajaran basa Sunda, guru kudu mibanda kamampuh jeung pangaweruh nu lega ngeunaan basa Sunda, sangkan bisa ngaronjatkeun kualitas siswa dina diajarna.

Bahan atawa matéri pangajaran nu diajarkeun di SMA salasihijina nya éta kecap panyeluk. Dina kalimah lisan sok aya unsur anu mirip kecap panyeluk, disebutna *panggentra (vokatif)*. Ari panggentra téh nya éta unsur tambahan atawa sélér (satelit) tina kalimah, anu mangrupa kecap atawa frasa barang anu nuduhkeun jalma nu diajak nyarita. Sipatna manasuka, bisa aya bisa henteu, sarta cicingna bisa hareupeun, tengah kalimah, jeung di tungtung kalimah.

Saenyana panalungtikan ngeunaan unsur kalimah basa Sunda téh geus réa, diantaranya kalimah panyeluk, kalimah paréntah, kalimah wawaran, jeung kalimah pananya. Najan kitu, ari panalungtikan ngeunaan unsur panggentra (vokatif) dina

kalimah mah acan aya. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan *Unsur Panggentra* (vokatif) *Kalimah Basa Sunda dina Novél Payung Butut* karangan Ahmad Bakri pikeun *Bahan Pangajaran di SMA* perlu dilaksanakeun.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Ulikan kalimah bisa dipedar tina rupa-rupa segi boh segi wangun, wanda, boh tina segi warna kalimahna. Salasahiji papasingan kalimah di antarana waé dumasar kana kontéks jeung jawaban anu ditepikeun. Disawang tina éta hal, aya kalimah paréntah, panggero, jeung pananya anu ngandung unsur panggentra.

Ieu panalungtikan téh ngan medar ngeunaan kecap panggentra anu kapanggih dina novél *Payung Butut* karangan Ahmad Bakri dumasar kana wangun, ciri, fungsi, jeung harti kecap panggentrana.

1.2.2. Rumusan Masalah

Sangkan ieu masalah dina panalungtikan jéntré, dirumuskeun dina wangun pananya sakumaha ieu di handap:

1. Unsur panggentra naon waé anu aya dina novél *Payung Butut* karangan Ahmad Bakri?
2. Kumaha posisi unsur panggentra dina kalimah nu aya dina éta novél?
3. Kumaha wujud unsur panggentra dina kalimah?
4. Kumaha ma'na unsur panggentra nu aya dina kalimah?
5. Naon waé ciri-ciri unsur panggentra dina kalimah?

6. Kumaha unsur panggentra mun dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngabogaan tujuan pikeun ngadésripsikeun unsur panggentra nu kapanggih dina novél *Payung Butut* karangan Ahmad Bakri. Ari déskripsina ngawengku:

- a. Unsur panggentra dina kalimah;
- b. Posisi unsur panggentra dina kalimah;
- c. Wujud unsur panggentra dina kalimah;
- d. Ma'na unsur panggentra nu aya dina kalimah;
- e. Ciri unsur panggentra nu aya dina kalimah; jeung
- f. Bahan pangajaran unsur panggentra di SMA.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Aya sababaraha mangpaat dina ieu panalungtikan, nya éta:

- a. Pikeun paélmuan tatabasa Sunda, ieu panalungtikan pikeun ngaguar salasihiji wangun élmu katatabasaan, sabab sok sanajan dina sawatara buku tatabasa Sunda aya anu medar ngeunaan unsur panggentra tapi pedaran henteu husus;
- b. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa dijadikeun pangaweruh ngeunaan unsur panggentra dina kalimah nu leuwih jembar; jeung

- c. Pikeun panalungtik séjén, panalungtikan bisa dipaké bahan babandingan antara kalimah panggentra dina basa Sunda jeung basa Indonésia atawa basa-basa séjénna.

1.5. Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta salasahiji bebeneran téori atawa pamadegan anu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan anu geus henteu kudu dipasualkeun deui bener atawa salahna, dina prinsipna bisa katarima ku sakumna jalma kalawan henteu kudu diuji deui (Suyatna, 2000:7). Ieu panalungtikan mibanda anggapan dasar saperti dipérélékeun ieu di handap:

- a. Kalimah mangrupa unsur basa nu bisa dipaké alat komunikasi;
- b. Kalimah bisa dipasing-pasing dumasar kana kontéks jeung jawaban anu ditepikeun, di antarana aya kalimah panggentra;
- c. Unsur panggentra dina kalimah bisa kapanggih dina rupa-rupa wacana saperti dina novél *Payung Butut* karangan Ahmad Bakri.

1.6. Wangenan Operasional

Panalungtikan ngeunaan unsur panggentra (vokatif) kalimah basa Sunda dina novél *Payung Butut* diwangun ku sababaraha istilah. Sangkan leuwih jéntré jeung teu ngabalukarkeun ayana anggapan nu salah ngeunaan ieu judul panalungtikan, aya sababaraha istilah anu perlu diécéskeun. Istilah-istilah anu patali jeung ieu panalungtikan diantaranya waé adegan, kalimah, unsur kalimah panggentra, novél, jeung adegan unsur kalimah panggentra.

- a. Adegan basa mangrupa wangunan atawa susunan unsur-unsur basa anu dumuk polana tur puguh entép seureuhna;
- b. Kalimah nya éta wangun basa miwujud kecap atawa runtuyan kecap anu puguh adeganana pikeun ngébréhkeun pikiran kalawan gembleng diwatesan ku randegan panjang nu binarung jeung wirahma ahir turun atawa naék;
- c. Unsur panggentra nya éta kecap anu dipaké pikeun kalimah panggero, kalimah pananya, jeung kalimah panitah;
- d. Novél nya éta carita rékaan (fiksi) panjang dina wangun basa lancar nu miwujud lalakon, sarta palaku, latar, jeung leunjeuran caritana ngarancabang, tapi angger gumulung dina leunjeuran carita.
- e. Ma'na nya éta peran semantis unsur basa nu muncul balukar patali jeung unsur basa séjénna dina kalimah.